

(for <http://schools.nyc.gov/ChoicesEnrollment/Elementary/default.htm>)

Admisyon nan Jadendanfan pou Septanm 2009

Paran yo dwe aplike an pèsòn ant 12 janvyè ak 2 mas nan chak lekòl yo ta renmen pitit yo ale, menm nan lekòl ki nan sektè lakay yo.

Lekòl yo pral voye ba fanmi yo òf pou lekòl yo endike pou pitit yo nan mitan mwa Mas la. Fanmi ki resevwa òf pou yon lekòl pou pitit yo, dwe vizite lekòl la 13 avril pou pi ta pou aksepte òf la, epi pou ranpli fòmalitye anvan yo enskri pitit yo.

Pou timoun yo kalifye pou Jadendanfan, yo dwe gen senkan nan dat 31 desanm 2009, epi yo dwe abite nan vil Nouyòk lè y ap ranpli fòmalitye yo gen pou ranpli anvan enskripsyon yo.

Fanmi yo dwe montre dokiman sila yo lè y ap aplike nan yon lekòl :

- Prèw kote yo abite a. Nenpòt nan **de** dokiman sila yo :
 - Yon bòdwo sèvis piblik pou kay moun abite (gaz oswa elektrisite) ki sou non moun ki abite nan kay la, epi ki pa dwe gen yon dat ki pa pi ansyen pase 60 dènye jou ki fèk pase yo;
 - Dokiman oswa lèt ki ekri ak antèt yon biwo federal, yon biwo leta, oswa yon biwo gouvènman nan rejyon an ki endike non moun ki abite nan kay la ak adrès li, epi ki gen yon dat ki pa pi ansyen pase 60 dènye jou ki fèk pase yo;
 - Yon kontra lwaye, papye kay, oswa yon papye ipotèk(mortgage) sou kay moun lan abite a;
 - Yon bòdwo taks aktyèl sou kay moun lan abite a;
 - Yon bòdwo dlo pou kay moun lan abite a ki gen dat ki pa pi ansyen pase 60 dènye jou ki fèk pase yo;
 - Yon dokiman ofisyèl *payroll* yon kote w ap travay ki gen dat ki pa pi ansyen pase 60 dènye jou ki fèk pase yo, paegzanp yon fòm ou soumèt ki montre taks yo retire sou ou oswa yon resi *payroll* (nou pa p aksepte yon lèt kote w ap travay la ke yo ekri sou yon papye ki gen antèt kote a);
- Batistè oswa paspò timoun lan;
- Non yonn nan frè oswa sè timoun ki pral nan lekòl kote pitit ou a ap aplike pou ane eskolè 2009/10 (klas 1ye-5yèm ane)

Lekòl ki klase pa sektè yo ap aksepte anpremye elèv ki abite nan sektè yo a, kòm yo te toujou fè sa anvan. Men tout lis priyorite lekòl yo pral itilize pou endike lekòl pou timoun yo ale :

- Elèv ki abite nan sektè yo ki gen frè oswa sè ki nan lekòl la, k ap vin nan lekòl la pou ane akademik 2009/10 nan klas 1ye-5yèm ane
- Elèv ki abite nan sektè yo ki pa gen frè oswa sè, k ap vin nan lekòl la pou ane akademik 2009/10.
- Elèv nan distri a ki pa abite nan sektè lekòl la ki gen frè oswa sè k ap nan lekòl la pou ane akademik 2009/10 nan klas 1ye-5yèm ane.
- Elèv ki pa abite nan distri a ki gen frè oswa sè k ap nan lekòl la pou ane akademik 2009/10 nan klas 1ye-5yèm ane
- Elèv ki abite nan distri men ki pa nan sektè lekòl la ki pa gen frè oswa sè ki pral nan lekòl la pou ane akademik 2009/10
- Elèv ki pa nan distri a ki pa gen frè oswa sè k ap nan lekòl la pou ane akademik 2009/10.